



Preparasyon pou operasyon ou an

Preparing for surgery, Haitian Creole

Tanpri li enfòmasyon enpòtan sa yo sou operasyon ou an. Rele chirijyen ou an si ou gen nenpòt kesyon. Chirijyen ou an ka ba ou plis enstriksyon, tankou preparasyon trip ou oswa lòt preparasyon yo. Sa depannde kalite operasyon ou ap fè a. Nan kèk ka, enstriksyon chirijyen ou an ka gen ladan enfòmasyon ki pa nan feyè sa a, tankou pran plis douch oswa bwè kèk likid. **Toujou suiv enstriksyon siplemantè chirijyen ou an oswa enfimyè ki fè tès pou ou nan raadevou anvan operasyon an ; rele chirijyen ou an si ou gen kesyon.**

Date/time of surgery (dat/lè operasyon an) : _____ (Y ap konfime l jou lavèy operasyon ou an)

Lè pou w rive : Lè pou ou rive a se anviwon inèdtan edmi anvan lè yo pwograme pou operasyon ou an kòmanse a. Klinik chirijyen ou an pral konfime lè pou ou rive a jou lavèy operasyon ou an. Li enpòtan anpil pou ou nan lopital la nan lè pou rive a yon fason pou nou kapab prepare ou pou operasyon an.

Rele klinik chirijyen ou an ant 2:30 ak 4:30 pm jou lavèy operasyon ou an pou ou konfime lè pou ou rive a ak kote ou ta dwe anrejistre a.

Si jou operasyon ou an se lendi, tanpri rele nan vandredi.

Jou/semèn anvan operasyon an

- Ou pral pale ak yon enfimyè ki nan klinik kote yo fè tès anvan jou operasyon an (preadmission testing, PAT) swa nan telefòn oswa fas-a-fas. **Asire w ou di enfimyè a tout medikaman ou pran oswa ou ka ap pran.** Sa gen ladan medikaman preskripsyon, medikaman san preskripsyon, vitamin, remèd fèy ak sipleman yo.
- Enfimyè a ak/oswa chirijyen ou an ka ba ou enstriksyon espesyal sou chanjman pou fè nan medikaman ou. **Tanpri pa fè okenn chanjman poukont ou.** Rete tann konsèy. Enfimyè a pral di ou tou ki medikaman pou ou pran jou operasyon an.
- **Medikaman dyabèt ak antikowagilan yo :**
 - *Insilin (ensilin) oswa lòt medikaman dyabèt* –Asire w ou konnen fason pou ou pran medikaman sa yo lavèy ak/oswa jou operasyon ou an. Asire w ou konnen sa pou ou fè si nivo sik nan san ou ba pandan moman sa a. Ou ka jwenn enstriksyon nan men chirijyen ou an oswa enfimyè PAT la. Si ou pa konnen sa ou sipoze fè ak medikaman sa yo oswa si ou pa konnen fason pou jere nivo sik ba nan san ou pandan moman sa a, tanpri rele chirijyen ou an.

Medikaman ou yo : Asire w ou sitou pale ak enfimyè k ap fè tès pou ou nan randevou anvan operasyon an sou :

- ✓ **Antikowagilan yo**
- ✓ **Medikaman dyabèt**
- ✓ **Medikaman doule** (preskripsyon ak san preskripsyon)
- ✓ Medikaman pou trete adiksyon, tankou **methadone (metadòn)** oswa **Suboxone (biprenòfin)**

Enpòtan!

- ✓ **Si yo retade oswa ranvwaye operasyon ou an,** EPI yo mande ou pou ou chanje medikaman regilye ou yo (tankou antikowagilan yo) pou prepare pou operasyon an, tanpri rele klinik chirijyen ou an pou jwenn konsèy, oswa pale ak yon moun nan ekip k ap ba ou swen an si ou nan lopital la.

- *Antikowagilan yo* – Pafwa ou dwe sispann pran antikowagilan yo anvan operasyon an. Egzanp antikowagilan yo se **Coumadin, Plavix, Xarelto**, ak **aspirin**. (Sa se **pa** yon lis konplè.) Si ou ap pran yon antikowagilan, tanpri asire w ou te pale ak chirijyen ou an oswa enfimyè w ap rankontre anvan operasyon an sou nenpòt chanjman ki nesèsè. **Pa fè okenn chanjman poukont ou**. Rete tann konsèy. Si yo konseye ou pou sispann pran yon antikowagilan, tankou **aspirin**, doktè ki te preskri li a dwe apwouve chanjman sa a. Pale ak chirijyen ou an oswa enfimyè w ap rankontre anvan operasyon an sou etap enpòtan sa a. Koriye, pou

- **Kontakte klinik chirijyen ou an si ou devlope sentòm rim oswa sentòm gwo grip yo rele flou a, ou gen gòj fè mal, lafyè, tous ki pa sèch, je k ap fè dlo, oswa gratèl toupre kote yo pral fè operasyon an.** Si ou rive avèk nenpòt nan sentòm sa yo jou operasyon an, yo ka anile li.
- **Planifye swen ou apre operasyon an.** Si yo prevwa voye ou lakay ou jou ou ap fè operasyon an, **ou dwe fè aranjman pou yon granmoun responsab mennen ou lakay ou.** Ou pa ka ale lakay ou nan yon taksi oswa nan RIDE oswa yon sèvis transpò sof si w gen yon granmoun responsab ki akonpaye ou (anplis chofè a). Y ap anile operasyon ou an si ou pa gen yon mwayen transpò ki gen sekirite pou ou ale lakay ou avèk yon granmoun responsab.

Swave/nuit anvan operasyon an

- **Benyen** ak CHG soap (savon CHG) (chlorhexidine gluconate) (glikonat kloleksidin) epi suiv enstriksyon yo te ba ou yo
- **Pa manje anyen apre minui.**
- Sof si yo di ou yon lòt bagay, **ou ka bwè likid ki transparan an kantite modere apre minui (gade bwat la), rive jiska dezèdtan anvan lè yo te di ou pou rive nan lopital la.** Sa fè anviwon 1 èdtan edmi anvan operasyon ou an.

Jou operasyon an

- **Benyen ankò** ak CHG soap (chlorhexidine gluconate) (glikonat kloleksidin) epi suiv enstriksyon yo te ba ou yo.
- **Suiv enstriksyon** enfimyè PAT la te ba ou sou **fason pou ou pran medikaman yo.**

Fason pou bwè likid anvan operasyon an

Sof si yo di ou yon lòt bagay, ou ka bwè likid ki transparan jiska **de (2) èdtan anvan lè pou rive** nan lopital la. Si ou chwazi bwè likid, tanpri pa bwè plis pase 12 ons nan inèdtan (**sof si** chirijyen ou an oswa enfimyè w ap rankontre anvan operasyon an te ba **ou lòt enstriksyon**). Vant ou pa dwe plen ni balonnen anvan operasyon an.

Men likid ki transparan yo :

- dlo (ki pa gazez)
- jou pòm, ji kànbèj (cranberry) oswa ji rezen blan
- kafe nwa oswa te (**san** lèt, krèm, krèm an poud, oswa sik)
- Kool-Aid, Gatorade, Propel
- krèm glase ki abaz dlo (**pa pran** ba fwi jele ; **pa pran** ba krèm glase)
- Jell-O
- bouyon ki klè san grès

- **Pa manje. Ou dwe sispann pran tout likid ki transparan 2 èdtan anvan lè yo pwograme pou ou rive nan lopital la.** Ou ta dwe konsidere sirèt tankou yon likid ki transparan epi ou dwe kanpe li 2 èdtan anvan ou rive lopital la.
- Ou mèt bwose dan ou.
- Tanpri prezante sou kanmpis la epi ale nan sal pou anrejistre pou operasyon an. yo te mande w pou w al nan klinik chirijyen ou an (gade paj 4 feyè sa a). **Tanpri asire w ou anrejistre nan« lè pou rive» yo te ba ou a.**
- Tanpri **pa pote bagay ki gen anpil valè** nan lopital la. Pa mete bijou. Pa itilize okenn krèm **pou kò** epi pa mete **makiyaj ni vè kontak. Pa fimèn.**
- Lè ou rive, y ap mennen ou nan yon sal datant anvan operasyon pou prepare ou pou operasyon an. Si ou prale lakay ou jou operasyon an, moun ki ap akonpaye ou lakay ou a ta dwe disponib pou mennen ou lakay ou nan espas dezèdtan apre pwosedi ou an fini sof si yo di fè sa yon lòt mannyè.
- Yo ka retade lè operasyon ou an akòz sikonstans enprevi yo (tankou ijans yo). Nou pral fè jefò nou kapab pou enfòmè ou sou nenpòt reta.

Aprè operasyon an

- Yo pral voye ou nan yon sal rekipasyon (inite swen apre anestezi, oswa PACU) jiskaske ou pare pou ale nan chanm ou oswa jiskaske ou pare pou egzeyat.
- Si ou pral lakay ou menm jou a, nou konseye ou fè yon moun rete avèk ou pandan omwen 24 èdtan.
- Pandan prèske tout operasyon an, ou kapab atann ou pral gen kèk doulè apre. Nou pral travay avèk ou sou yon plan pou jere doulè ou genyen an. Dabitid, sa pa vle di doulè a ap disparèt nèt. De preferans n ap ede w asire w ou kapab tolere nivo doulè ou genyen an, epi ou kapab aktif otank posib epi w repoze ase. Nou pral voye ou lakay ou avèk yon plan egzeyat ki gen ladan fason pou ou jere malèz ou lakay ou pi byen.

Vire paj la pou jwenn enfòmasyon sou kote pou prezante ak pou w estasyon →

Kote pou prezante ak estasyon : Chache kanmpis la ak bilding operasyon ou an

Gen yon rabè disponib pou pakin si ou nan yon remiz BIDMC pandan plis pase de (2) èdtan. Tanpri fè yo mete so sou tikè ou a nan biwo enfòmasyon ki nan antre bilding ou an.

Pou jwenn direksyon pou ale nan sant medikal la:

- Rele nan 617-667-3000
oswa ale sou
www.bidmc.org

☐ Kanmpis Lès – Bilding Feldberg

- **Suit Sal Operasyon Feldberg la** nan 3^{yèm} etaj Bilding Feldberg, ki chita kò li nan 330 Brookline Avenue.
- **Si yo ap antène ou apre operasyon an (epi operasyon ou an ap fèt nan Bilding Feldberg ki sou Kanmpis Lès la)**, tanpri kondui ale nan antre prensipal Feldberg la epi suiv pano ki konsène pakin lan. **Antre nan antre Feldberg la pou ou anrejistre pou operasyon nan biwo prensipal la.** Gen anpill chans pou chanm ospitalizasyon ou an nan youn nan inite swen enfimye Kanmpis Lès la. Nou pa p konnen nimewo egzak chanm ou an pazavan apre operasyon ou an.
- **Si ou prale lakay ou apre operasyon an (epi operasyon ou an ap fèt nan Bilding Feldberg ki sou Kanmpis Lès la)**, tanpri estasyon nan remiz Shapiro Clinical Center a piske se kote sa a yo pral egzeyate ou. Shapiro Clinical Center a nan kwen Brookline & Longwood Avenues. Antre ki mennen nan remiz ki kouvri a nan do bilding lan nan 98 Binney Street (a kote Longwood Avenue). Pran asansè remiz la pou ale nan antre Shapiro Clinical Center a epi pran asansè Shapiro Clinical Center a pou ale nan 2^{yèm} etaj la. Suiv koridò koulè ble a sou yon pon/pasaj fèmèn ki mennen andedan Bilding Feldberg la. (Si ou ta renmen pran yon chèz woulant pou monte sou pon an, mande èd nan biwo prensipal ki nan antre Shapiro Clinical Center a.) Depi ou rive nan Bilding Feldberg lan, ou pral wè twa (3) asansè koulè ble. **Pran youn nan asansè sa yo pou desann yon etaj pou ale nan antre Feldberg lan epi anrejistre nan biwo enfòmasyon an.**

☐ Kanmpis Lès – Shapiro Clinical Center

- **Suit Sal Operasyon Shapiro a** nan 3^{yèm} etaj Shapiro Clinical Center a, nan kwen Longwood ak Brookline Avenues. Antre remiz la nan do bilding lan, nan 98 Binney Street (a kote Longwood Avenue).
- Pran asansè remiz la pou ale nan antre Shapiro Clinical Center a epi pran asansè Shapiro Clinical Center a pou ale nan 3^{yèm} etaj la. **Suiv pano ki mennen kote pou anrejistre pou operasyon an.**

☐ Kanmpis Lwès – Bilding Rosenberg

- **Suit Sal Operasyon Kanmpis Lwès la** nan 5^{yèm} etaj Bilding Rosenberg, ki chita kò li nan One Deaconess Road, a kote Brookline Avenue. Antre nan antre Rosenberg la nan One Deaconess Road. **Anrejistre nan biwo enfòmasyon an ki nan antre a.**
- Gen moun ki la pou pakin machin ou pou ou 24 sou 24, 7 sou 7, nan antre bilding Rosenberg la. Ou ka pakin poukont ou tou nan Remiz Pilgrim Road la ki nan Crossover Street. Ou kapab pase swa nan Pilgrim Road oswa Autumn Street pou rive ladan.

Se klinisyen nan swen entansif, anestezi ak swen enfimye nan Beth Israel Deaconess Medical Center yo ki te prepare dokiman sa a. Se Beth Israel Deaconess Learning Center ki pwodui ak distribiye li. © 2020 Beth Israel Deaconess Medical Center. Tout dwa rezève. LC3214 06/20